



Pwojè Prezèvasyon Vyadik nan Pon Sommerville I-93 : Dènye Enfòmasyon sou Travay yo

*Reyinyon Piblik pou
Enfòmasyon*

9 jen 2022 | 6:00 – 7:30 p.m.

Nimewo Dosye Pwojè a : 606528



Zoum Reyinyon Kontwòl veyikil



- Tande nan lang Panyòl, Chinwa (Mandaren), Kreyòl Ayisyen ak Pòtigè



- Menni defilan pou verifye mikwofòn ak opalè yo



- Poze kesyon ak fè kòmantè




- Leve men ou



- Si ou pa kapab monte sou entènèt oubyen ou gen yon pwoblèm teknik, ou mèt telefonnen pandan reyinyon an, nan nimewo 1-646-876-9923, Webinar ID : 830 9123 8534

Soutit yo ap parèt otomatikman nan Zoum



Nòt ak Pwosedi sou Reyinyon Piblik

Notifikasyon pou Anrejistreman

Reyinyon piblik vityèl sa a pral anrejistre. Depatman Transpò Massachusetts la kapab deside pou kenbe ak distribye videoyo, imaj fiks, anrejistreman odyo, ak / oswa transkripsyon kesyon ak repons (Q&A) reyinyon an. Si ou rete nan reyinyon piblik vityèl sa a, sa vle di ou aksepte patisipe nan aktivite ki anrejistre a.

Si ou pa alèz pou yo anrejistre ou, ou mèt etenn kamera ou, epi kenbe mikwofòn ou bèbè, oubyen ou mèt pa rete nan reyinyon an.

Lòt Remak Enpòtan

Mikwofòn ak wèbkam ou ap etenn otomatikman, konsa ou antre nan reyinyon sa a.

Reyinyon an pral ouvri pou kesyon ak repons, nan fen prezantasyon fòmèl la.

Tanpri, pran yon ti tan pou reponn kesyonnè a ! Repons ou yo enpòtan.

Nou byen kontan resevwa, epi nou apresye tout kesyon ak tout kòmantè yo, men sèlman nou mande pou ou pa fè okenn komantè ki manke moun dega.

Mèsi dèské ou vini nan reyinyon nou an. Nou apresye patisipasyon w !

Anons pou Règleman Divèsite MassDOT / MBTA ak prensip Dwa Sivik

Tout aktivite MassDOT / MBTA yo, sa ki vle di reyinyon yo tou, fèt san diskriminasyon. MassDOT / MBTA respekte tout kondisyon sou dwa sivik nan nivo federal ak nan Eta a ki defann fè diskriminasyon poutèt ras, koulè, peyi kote moun soti, konnesans limite nan lang angle, ansanm ak lòt karakteristik pwoteje yo. Nou byen kontan divèsite ki genyen nan tout zòn nou sèvi a. Si ou gen nenpòt kesyon oswa nenpòt pwoblèm, ou mèt ale nan adrès <https://www.mass.gov/nondiscrimination-in-transportation-program> / www.mbta.com/titlevi pou kontakte Ajans sou Divèsite ak Dwa Sivik la.

Nou byen kontan resevwa, epi nou apresye tout kesyon ak tout kòmantè yo, men sèlman nou mande pou ou pa fè okenn komantè ki manke moun dega.

Demach pou fè konnen Reyinyon Piblik pou Enfòmasyon an

- Pwospektis ak ànons sou reyinyon MassDOT ki afiche sou pòtay entènèt MassDOT la
- Ànons sou reyinyon ki pibliye nan journal lokal yo
 - Brazilian Times*
 - Somerville Journal*
 - The Somerville Times*
- Afich ak anons reyinyon ki distribye bay ofisyèl nan Vil Sommerville yo
- Enfòmasyon sou reyinyon an ki distribye nan kont medya sosyal MassDOT yo

 massDOT
Massachusetts Department of Transportation
Highway Division

O Departamento de Transportes de Massachusetts convida você a participar de uma:
Reunião Virtual de Informação Pública Sobre:
Atualização da construção e preservação da ponte do viaduto Somerville I-93
Quinta-feira, 9 de Junho, 2022 - 6:00PM – 7:30PM

Esta reunião sobre a construção vai proporcionar uma oportunidade para o público saber do Projeto de Preservação da Ponte do Viaduto Somerville I-93, e também vai proporcionar uma visão geral do projeto, além de cronograma e impactos no tráfego a partir de junho de 2022. Os participantes terão a oportunidade de fazer perguntas e comentários.

Todos os moradores, empresários locais e interessados estão convidados a participar. Todos os que entrarem na reunião e fornecerem um endereço de e-mail serão inseridos no banco de dados de e-mail do projeto para receber atualizações. Antes da reunião, se você tiver dúvidas ou preocupações específicas para a equipe do projeto, envie um e-mail para: massdotI93somervilleviaduct@dot.state.ma.us

Nota: Esta reunião é acessível a pessoas com deficiência. O MassDOT fornece acomodações razoáveis e/ou assistência linguística gratuita mediante solicitação (por exemplo, intérpretes em Língua de Sinais Americana e outros idiomas além do inglês, legendas ao vivo, vídeos, dispositivos de escuta assistida e formatos alternativos de materiais), conforme apropriado. Para acomodação ou assistência linguística, entre em contato com o Diretor de Diversidade e Direitos Civis do MassDOT pelo telefone (857) 368-8580, Relay Service em 7-1-1, fax (857) 368-0602 ou por e-mail para MASSDOT.CivilRights@dot.state.ma.us.

As solicitações devem ser feitas o mais rápido possível antes da reunião e, para os serviços mais difíceis de conseguir, como: línguagem de sinais, CART ou tradução ou interpretação de idiomas, as solicitações devem ser feitas pelo menos dez dias úteis antes da reunião.

Título VI Aviso de Não Discriminação: O MassDOT está em conformidade com o Título VI da Lei de Direitos Civis de 1964 e os estatutos e regulamentos federais e estaduais relacionados. É política do MassDOT garantir que nenhuma pessoa ou grupo de pessoas devem, com base nas categorias protegidas do Título VI, incluindo raça, cor, origem nacional, ou sob categorias protegidas federais e estaduais adicionais, incluindo sexo, idade, deficiência, orientação sexual, identidade ou expressão de gênero, religião, credo, ascendência, status de veterano ou antecedentes, ser excluído da participação, ter seus benefícios negados ou ser sujeito a discriminação sob qualquer programa ou atividade administrado pelo MassDOT.

Para solicitar informações adicionais sobre este compromisso, ou para registrar uma reclamação sob o Título VI ou uma cláusula de não discriminação relacionada, entre em contato com o Especialista do Título VI do MassDOT pelo telefone (857) 368-8580, Relay Service em 7-1-1, fax (857) 368-0602 ou pelo e-mail MASSDOT.CivilRights@dot.state.ma.us.

Título VI Aviso de não discriminação: MassDOT está em conformidade com o Título VI da Lei dos Direitos Civis de 1964 e afins

Caso esta informação seja necessária em outro idioma, favor contar o Especialista em Título VI do MassDOT pelo fone 857-368-8580.

Si necesita información en otro lenguaje, favor contactar al especialista de MassDOT del Título VI al 857-368-8580.

Si necesita información en otro lenguaje, favor contactar al especialista de MassDOT del Título VI al 857-368-8580.

如果需要使用其它语言了解信息, 请联系马萨诸塞州交通部 (MassDOT) 《民权法》第六章专职人员, 电话 857-368-8580。

Ajanda

- 01 Nou Kontan ou Vini
- 02 Apèsi sou Pwojè a
- 03 Kouman sa pral pase pandan travay konstriksyon yo
- 04 Kouman nou pral ba ou enfòmasyon
- 05 Q&A (Kesyon ak Repons)



Ekip Pwojè

Divizyon Granwout MassDOT

Pwopriyetè Pon ak Moun ki Pwopoze Pwojè

- Joseph Stasio, Direktè Pwojè ak Enjennyè Rezidan
- Paul Stedman, Direktè Granwout nan 4riyèm Distrik
- Robert Antico, Direktè Konsepsyon Pwojè
- Michael Winnick, Enjennyè Konstriksyon pou Zòn 4riyèm Distrik
- Scott Kelloway, Asistan Enjennyè Konstriksyon pou Zòn 4riyèm Distrik
- Daniel Fielding, Keson Lejislatif

Kontraktè

- Enjennyè pou Anrejistreman : TranSystems
 - Ali Tali, Konseptè pou Anrejistreman
 - Michael Sarazen, Enjennyè Trafik
- Kontraktè Jenneral : SPS New England, Inc.
 - Brayden Sheive, Direktè Pwojè
- Kowòdinasyon pou Kontak Piblik : Howard Stein Hudson
 - Erin Reed, Direktè Pwojè

Vil Somerville

- Brad Rawson, Direktè Transpò ak enfrastrikti

Zòn Pwojè a



Kouman nou fè rive la ?

	Sezon Ete 2011	Sezon Otòn 2020	Sezon Ivè 2020/2021	Sezon Ete 2021	Sezon Ete 2022
Kòmansman Pwojè a Aktivite pou Kontak Piblik 25% nan sa yo Soumèt pou Modèl la	Aktivite pou Kontak Piblik 75% nan sa yo Soumèt pou Modèl la	Aktivite pou Kontak Piblik 75% nan sa yo Soumèt pou Modèl la	Reyinyon avèk ofisyèl ki nonmen nan eleksyon yo Reyinyon avèk Majistra Somerville la Odisyon Piblik sou Plannifikasyon 8 jen Odisyon Piblik sou Plannifikasyon 30 jen 100% Modèl Final la	Reyinyon avèk ofisyèl ki nonmen nan eleksyon yo Reyinyon avèk Majistra Somerville la Odisyon Piblik sou Plannifikasyon 8 jen Odisyon Piblik sou Plannifikasyon 30 jen 100% Modèl Final la	Aktivite pou Kontak Piblik Travay Konstriksyon ap Kòmanse

Apèsi sou Pwojè a

- Vyadik k ap pran laj la, se yon wout pasaje kote anviwon 140 000 veyikil pase chak jou
- Vyadik la genyen ladan kat (4) estrikti endepandan:
 - I-93 Mainline Bridge (Pon Prensipal)
 - Bretèl ki soti nan direksyon nò depi 1-93 pou ale Mystic Ave
 - Bretèl ki antre nan direksyon nò depi Mystic Ave pou ale I-93
 - Bretèl ki soti nan direksyon sid depi 1-93 pou ale Mystic Ave
- Prezèvasyon vyadik ki mennen I-93 kounye a nan Vil Somerville pral pwolonje dire lavi vyadik la, ak fè yo bezwen reparasyon mwen souvan



Kondisyon ki la kounye a

Deteryorasyon Estriktirèl - Sipèstrikti ann
asye



Deteryorasyon Estriktirèl - Sipèstrikti an
siman




Poutrèl ann asye ki mal alien



Dimansyon travay

Travay prezèvasyon yo ap genyen ladan :

- Repare ak pentire sipèstrikti ann asye yo
- Repare soustrikti an siman yo
- Ranplase jwenti pon ki la kounye yo
- Repare kote ki bezwen sa, nan sifas pon



Kalandriye Pwojè a



**Sezon Ete /
Otòn 2022**

- Repare Soustrikti an Siman (prensipalman travay lajounen)
- Netwaye, Repare, ak Pentire Estrikti ann Asye (prensipalman travay lajounen)
- Ranplase Jwenti Pon (travay lannwit)
- Travay pou Repare Pon (travay lannwit)

**Sezon Ete /
Prentan /
Otòn 2023**

- Repare Soustrikti an Siman (prensipalman travay lajounen)
- Netwaye, Repare, ak Pentire Estrikti ann Asye (prensipalman travay lajounen)
- Ranplase Jwenti Pon (travay lannwit)
- Travay pou Repare Pon (travay lannwit)

**Sezon Ete /
Prentan /
Otòn 2024**

- Repare Soustrikti an Siman (prensipalman travay lajounen)
- Netwaye, Repare, ak Pentire Estrikti ann Asye (prensipalman travay lajounen)



Kouman sa
pral pase
pandan travay
konstriksyon
yo

Enpak Travay Konstriksyon yo

- Travay konstriksyon yo pral sèvi avèk relèv lajounen ak lannwit, dapre restriksyon nan kontra yo
- Enpak ki ka genyen
 - Bwi - Kontra a mande pou yo kontwole bwi konstriksyon an ap fè, pandan tout dire travay yo
 - Pousyè - Kontra a mande pou yo kontwole pousyè konstriksyon an ap fè, pandan tout dire travay yo
 - Trafik - yo prevwa chanjman nan wout sikilasyon ak nan detou yo, pou redwi trafik lokal ak aktivite moun nan zòn lan toutotan sa posib




Chanjman : Kontwole bwi

- Ap toujou gen bwi nan yon Zòn Konstriksyon, men yo pral kontwole bwi a datre dokiman ki nan kontra yo
 - Nivo bwi bazik yo deja nan men yon Enjennyè Akoustik ki gen Lisans
 - Plan pou kontwole bwi MassDOT soumèt epi ki deja apwouve
- Kontraktè a dwe pran dispozisyon ki nesesè pou kontwole bwi, datre rekòmandasyon Enjennyè Akoustik la ak datre ekipman k ap sèvi pou fè travay yo
 - Redwi bwi toutotan sa posib nan zòn konstriksyon yo, ak nan zòn pou debake materyèl yo, ak nan kominote ki tou pre travay konstriksyon yo, datre Dokiman Kontra yo




Chanjman : Kontwole Pousyè

- Kontwole emisyon k ap soti nan konstriksyon yo pandan tout tan travay yo ap fèt, dapre Kontra sa a.
- Men kèk egzanp ki montre metòd ki ka sèvi pou eliminén pousyè :
 - Aspèsyon dlo an ti kantite
 - Mous
 - Zouti ki siprime pousyè
 - Klorid Kalsyòm
 - Prela
- Si yo pa sèvi avèk Metòd ki Siprime Pousyè ki bay pwoblèm, yo kapab redwi oswa rete aktivite ki lakòz pousyè yo lè gen gwo van oswa gwo lapli
- Ekip pwojè a ap etidye tout pwoblèm moun ka genyen, epi yo ka voye yo nan adrès
MassDOTi93SomervilleViaduct@dot.state.ma.us



Enpak sou Trafik

- Yo kalkile konstriksyon an pral dire 2zan edmi (30 mwa)
- Detou pwogresif tout kote : bretèl ki fèmen, detou anba pon : Rt 28 ak Mystic Ave
- Enpak sou I-93 ak trafik sou wout lokal yo pral fèt prensipalman lannwit
- Yo pral deplase kote otobis MBTA yo pran ak debake pasaje
- Rediksyon bann sikilasyon sou I-93 - kapasite konplè pandan lajounen
- Yo pral fè konnen kote ki fèmen yo nan afichaj VMS, ak nan anons sou pwojè a nan Gov Delivery, ak sou sit entènèt pwojè a
- Kowòdinasyon avèk Sèvis ijans pou fè yo konnen kilè detou yo anvigè
- Ou ka wè bann sikilasyon ki fèmen ak detou ki anvigè yo sou sit entènèt pwojè a, nan adrès www.mass.gov/somerville-i-93-viaduct-preservation



Siveyans Trafik


- Siveyans Trafik pou sipòte wout detou yo
- Ajiste sekans siyal yo dapre siveyans wout detou yo
- Detay lapolis pou sipòte kontwòl trafik la
- Plan Administrasyon Trafik, nan tan reyèl, pou Wout Prensipal I-93 pou travay sou jwenti pon
 - Kamera
 - Detektè Vitès
 - Tablo Afichaj
 - Siveyans Adistans
- Ekip pwojè a ap etidye tout pwoblèm moun ka genyen, epi yo ka voye yo nan adrès

MassDOTi93SomervilleViaduct@dot.state.ma.us




Enpak sou Trafik

ETAP 1 NAN FÈMEN BANN SIKILASYON I-93 : BANN SIKILASYON SOU DEYÒ
FÈMEN (TRAVAY LANNWIT)



Enpak sou Trafik

ETAP 2 NAN FÈMEN BANN SIKILASYON I-93 : BANN SIKILASYON SOU




Detou anba pon Mystic Ave NB




Nouvo plas tanporè pou Estasyon Otobis



Detou anba pon Temple Road nan direksyon wès (chak jou)



Detou anba pon Temple Road nan direksyon lès (chak jou)





**Kouman nou
pral ba ou
enfòmasyon**

Kouman nou pral kontinye voye enfòmasyon ba ou ?

Yo pral bay dènye enfòmasyon ki genyen sou trafik pou bann sikilasyon ki pral fèmen ak sou detou yo, anvan yo fè okenn chanjman nan trafik. Nou pral voye enfòmasyon ba ou avèk mwayen sa yo :

- Sit Entènèt
- Notifikasyon
- Dènye enfòmasyon sou Pwojè a chak mwa
- Reyinyon pou Enfòmasyon
- Anons nan kourye elektwonnik nan Gov Delivery
- Notifikasyon Dirèk
- Dènye Enfòmasyon sou Trafik ak Konstriksyon
- “Megaphones” – Ofisyèl Lokal ak Ògànzasyon Kominotè
- Rezo Sosyal
- Kominikasyon ale-retou ant ekip pwojè a ak kominote a, nan adrès elektwonnik pwojè a, ki se MassDOTi93SomervilleViaduct@dot.state.ma.us



Somerville I-93 高架桥维护虚拟公众信息会议

发生了什么？

马塞诸塞州交通部(MassDOT) 正在开始对位于 Route 28 和 Temple Street 之间的 Somerville I-93 高架桥进行桥梁维护

- 该项目将于 2022 年 6 月启动，并将会带来诸多公共利益，包括
- 延长高架桥的使用寿命降低维修的频率

这将会为您带来怎样的影响？

邀请所有临近业主和道路使用者参加虚拟公众信息会议，讨论将于 2022 年 6 月开始的施工时间表、项目影响和建议的绕行路线。演讲之后将进行问答环节。

什么时候

星期四2022年6月9日18:00

参加

[活动 | Mass.gov](#)



请注意，本次会议将被录音。

请访问 <https://rebrand.ly/MassDOT-Events> 获取更多信息



本次会议可以保障残障人士参加。麻州交通部可应要求，在能够满足的情况下免费提供合理的便利设施和/或语言协助（如美国手语和英译外口译、直播字幕、视频、辅助听力设备）。如需特殊安置或语言帮助，请致电 (857) 368-8580，TTD/TTY (857) 266-0603，传真 (857) 368-0602 或发送电子邮件至 MASSDOT.CivilRights@dot.state.ma.us 与麻州交通局多元化和公民权利主管联系。相应要求应在会前尽早提出。对于手语、CART 或语言翻译或口译等比较有难度的服务需求，请至少在会议前十个工作日提出。

有关拟议工程的项目问询、书面意见陈述和其他证据可通过电子邮件提交给代理总工程师嘉莉·拉瓦利 MassDOTi93SomervilleViaduct@dot.state.ma.us

或通过美国邮政寄至 Paul Stedman, District Highway Director, MassDOT, 519 Appleton Street, Arlington, MA 02476, Attention: Project Management, PROJECT FILE NO. 606528



Kouman pou Konnekte avèk Pwojè a



Voye reyaksyon ak kesyon ou bay Pwojè a nan mesaj elektwonnik :
MassDOTi93SomervilleViaduct@dot.state.ma.us



Dènye enfòmasyon sou Pwojè a san pèdi tan

Sit Entènèt Pwojè a

www.mass.gov/somerville-i-93-viaduct-preservation



Enskri pou Imèl Mizajou Pwojè

GovDelivery





Pwojè MassDOT nan Zòn lan Reparasyon Soustriktirèl nan Pon (# 606528)


Entèsekson Route 28 /
Route 38 (# 608562)
Konsepsyon Modèl k ap pare

Refè Sifas McGrath
Highway (# 608482)
Nan konstriksyon



**Kesyon ak
Konvèrsasyon**

Voye Kesyon ak Kòmantè ou yo



- Sèvi avèk bouton Q&A (Kesyon ak Repons) lan, pou poze kesyon ak fè kòmantè



- "Raise your hand" (Leve men ou) pou yo konnekte ou pou kesyon vèbal



- Tanpri, di non ou anvan ou poze yon kesyon



- Tanpri, poze 1 sèl kesyon oswa fè 1 sèl kòmantè chak fwa, epi limite tan ou pou 2 minit, pou pèmèt lòt moun patisipe



- Pou poze yon kesyon nan telefòn, peze *9 epi tann moderatè a di 4 dènye nimewo nan telefòn ou, pou konnekte ou nan odyo lè moman an rive pou ou.

Tanpri sonje sa, tout kesyon ak repons (Q&A), ansanm ak kòmantè yo kapab parèt nan achiv piblik, kidonk sèvi avèk fonksyon sa yo sèlman pou zafè ki anrapò avèk pwojè a.



Mèsi

*Pwojè Prezèvasyon Vyadik
nan Pon Sommerville I-93*

Enfòmasyon pou Fè Kontak:
MassDOTi93SomervilleViaduct@dot.state.ma.us



Enfòmasyon sou Pwojè ki nan Zòn Ian - McGrath Highway



Somerville - Amelyorasyon Siyal ak Entèseksyon nan pwojè McGrath Highway (Route 28) / Mystic Avenue Route 38)

Kesyon : mesaj elektwonnik
Ianiel.fielding@state.ma.us